

# Ane Lekòl 2020-21

## Egzijans Vaksinyasyon Eta New York la pou Antre/Asistans nan Lekòl la<sup>1</sup>

**NÒT:**

Timoun ki nan yon klas pre-matènèl yo ta dwe pran vaksen ki apwopriye pou laj yo. Kantite dòz yo depann de kalandriye Komite Konsiltatif sou Pratik Vaksinyasyon (Advisory Committee on Immunization Practices, ACIP) yo rekòmande a. Entèval ant dòz vaksen yo ta dwe ann akò avèk kalandriye vaksinyasyon ACIP rekòmande yo pou moun ki gen 0 jiska 18 ane. Dòz yon timoun resevwa anvan laj minimòm li oswa anvan entèval tan yo pa valab epi yo pa konte pou kantite dòz ki endike anba la yo. Gade nòt anba paj yo pou jwenn enfòmasyon espesifik pou **chak** vaksen. Timoun ki enskri nan kou ki anba klas yo ta dwe satisfè egzijans vaksinyasyon klas laj yo ekivalan pou yo a.

### Ou DWE fè lekti egzijans dòz yo avèk nòt anba paj pwogram sa a

| Vaksen yo   | Klas Pre-Matènèl (Gadri, Asistans Preskolè, Gadri oswa Klas Pre-Matènèl) | Matènèl ak Klas 1, 2, 3, 4 ak 5yèm ane   | Klas 6, 7, 8, 9, 10 ak 11yèm ane        | Klas 12yèm Ane   |
|---|--|--|---|--|
| Vaksen ki gen difteri ak anatoksin tetanik ak vaksen koklich (DTaP/DTP/Tdap/Td) <sup>2</sup>          | 4 dòz  | 5 dòz<br>oswa 4 dòz<br>si te resevwa 4yèm dòz la a 4 ane<br>oswa plis oswa<br>3 dòz<br>si 7 ane oswa plis epi ke seri a te kòmanse a 1 ane oswa plis | 3 dòz                                   |  |
| Vaksen ki gen anatoksin tetanik ak difteri ak rapèl pou vaksen koklich pou timoun (Tdap) <sup>3</sup> | Pa aplikab   |  | 1 dòz                                   |  |
| Vaksen kont Polyo (IPV/OPV) <sup>4</sup>  | 3 dòz  | 4 dòz<br>oswa 3 dòz<br>si te resevwa 3yèm dòz la a 4 ane oswa plis   |   |  |
| Vaksen kont Lawoujòl, Malmouton ak Ribeyòl (MMR) <sup>5</sup>   | 1 dòz  | 2 dòz  |   |  |
| Vaksen kont epatit B <sup>6</sup>   | 3 dòz  | 3 dòz<br>oswa 2 dòz de vaksen granmoun kont epatit B (Recombivax) pou timoun ki te resevwa dòz yo a omwen 4 mwa apa ant 11 jiska 15 ane              |   |  |
| Vaksen kont Varisèl <sup>7</sup>  | 1 dòz  | 2 dòz  |   |  |
| Vaksen konjige kont menengokòk (MenACWY) <sup>8</sup>   | Pa aplikab   |  | Klas 7, 8, 9, 10 ak 11yèm ane:<br>1 dòz | 2 dòz<br>oswa 1 dòz<br>si te resevwa dòz la a 16 ane oswa plis |
| Vaksen konjige kont Haemophilus influenzae tip b (Hib) <sup>9</sup>                                   | 1 a 4 dòz  | Pa aplikab   |   |  |
| Vaksen konjige kont nemokosik (PCV) <sup>10</sup>   | 1 a 4 dòz  | Pa aplikab   |   |  |



1. Prèw serolojik ki demontre antikò kont lawoujòl, malmouton oswa ribeyòl oswa konfimasyon laboratwa maladi sa yo se prèw akseptab pou iminite kont maladi sa yo. Tès serolojik pou polyo yo se prèw iminite akseptab sèlman si yo te fè tès la anvan 1ye septanm 2019, epi tout twa serotip yo te pozitif. Yon tès san pozitif pou antikò sifas epatit B a se prèw iminite akseptab kont epatit B. Prèw serolojik ki demontre antikò kont varisèl, konfimasyon laboratwa maladi varisèl oswa dyagnostik pa yon doktè, asistan doktè oswa enfimyè pratikan ke yon timoun te gen maladi varisèl se prèw iminite akseptab kont varisèl.
2. Anatoksin kont difteri ak tetanik ak vaksen kont koklich aselilè (DTaP). (Laj minimòm: 6 semèn)
  - a. Timoun ki kòmanse seri a a tan ta dwe resevwa yon seri 5 dòz vaksen DTaP a 2 mwa, 4 mwa, 6 mwa ak nan 15 jiska 18 mwa ak nan 4 ane oswa plis. Yo ta dwe resevwa katriyèm dòz la lè yo gen laj 12 mwa, depi o mwen 6 mwa te pase depi lè yo te resevwa twazyèm dòz la. Men, timoun yo dwe pran katriyèm dòz la ankò si yo te resevwa li o mwen 4 mwa aprè twazyèm dòz DTaP. Timoun yo dwe resevwa dènye dòz seri a lè yo gen laj kat ane oswa aprè laj sa epi o mwen 6 mwa aprè dòz anvan an.
  - b. Si yo te resevwa katriyèm dòz DTaP a 4 ane oswa plis, epi o mwen 6 mwa aprè dòz 3, senkyèm (rapèl) dòz vaksen DTaP a pa obligatwa.
  - c. Pou timoun ki fèt anvan 1ye Janvyè 2005, se sèlman iminite kont difteri ki nesèsè ak dòz DT ak Td ka satisfè egzijans sa'a.
  - d. Timoun 7 ane ak plis ki pa konplètman vaksinen avèk seri vaksen DTaP pou timoun yo ta dwe resevwa vaksen Tdap kòm premye dòz nan seri ratrapaj la; si bezwen plis dòz, itilize vaksen Td oswa Tdap. Si li te resevwa premye dòz la anvan premye anivèsè li, ki donk, gen 4 dòz ki obligatwa, osi lontan li te resevwa dènye dòz la nan laj 4 ane oswa plis. Si li te resevwa premye dòz la nan premye anivèsè li oswa aprè, ki donk, gen 3 dòz ki nesèsè, osi lontan ke li te resevwa dènye dòz la nan laj 4 ane oswa plis.
3. Anatoksin tetanik ak difteri ak vaksen rapèl pou timoun kont koklich aselilè (Tdap). (Laj minimòm pou klas 6yèm ane: 10 ane; laj minimòm pou klas 7yèm jiska 12yèm ane: 7 ane)
  - a. Elèv 11 ane oswa plis k'ap antre nan klas 6yèm a 12yèm ane yo oblije gen yon dòz Tdap.
  - b. An plis de egzijans klas 6yèm rive 12yèm ane, Tdap ka bay tou kòm yon seri ratrapaj pou elèv ki gen 7 ane yo oswa plis ki pa konplètman vaksinen avèk seri DTaP timoun yo, jan sa dekri anwo a. Nan ane lekòl 2020-2021 an, sèlman dòz Tdap yo bay nan laj 10 ane oswa plis ap satisfè egzijans Tdap pou elèv ki nan klas 6yèm ane yo; men, dòz Tdap yo bay nan laj 7 ane oswa plis ap satisfè egzijans pou elèv ki nan klas 7yèm jiska 12yèm ane.
  - c. Elèv yo ki gen 10 ane ki nan klas 6yèm epi ki poko resevwa yon vaksen Tdap, yo an règ jiskaske yo gen 11 ane.
4. Vaksen kont polyo inaktif (IPV) oswa vaksen oral kont polyo (OPV). (Laj minimòm: 6 semèn)
  - a. Timoun ki kòmanse seri a a tan ta dwe resevwa yon seri IPV a 2 mwa, 4 mwa ak a 6 jiska 18 mwa, ak a 4 ane oswa plis. Timoun yo dwe resevwa dènye dòz seri a lè yo gen laj kat ane oswa aprè laj sa epi o mwen 6 mwa aprè dòz anvan an.
  - b. Pou elèv ki te resevwa katriyèm dòz yo anvan laj 4 ane epi anvan 7 Out 2010, 4 dòz separe pa omwen 4 semèn se ase.
  - c. Si yo te resevwa twazyèm dòz vaksen polyo a a 4 ane oswa plis epi o mwen 6 mwa aprè dòz anvan, katriyèm dòz vaksen polyo a pa obligatwa.
  - d. Sèlman trivalent OPV (tOPV) ki konte nan egzijans vaksen kont polyo nan lekòl Eta New York. Dòz OPV yo te bay anvan 1ye Avril 2016, ta dwe konte sòf si yo note espesyalman monovalan, bivalan oswa jan yo bay pandan yon kanpay vaksinasyon kont viris polio, Dòz OPV yo bay pandan oswa aprè 1ye Avril 2016 pa ta dwe konte.
5. Vaksen kont lawoujòl, malmouton ak ribeyòl (MMR). (Laj minimòm: 12 mwa)
  - a. Elèv la te dwe pran premye dòz vaksen kont MMR nan premye anivèsè li oswa aprè. Elèv la te dwe pran dezyèm dòz omwen 28 jou (4 semèn) aprè premye dòz pou konsidere kòm valab.
  - b. Lawoujòl: Li obligatwa pou pran yon dòz pou pre-matènèl. Li obligatwa pou pran de (2) dòz pou klas matènèl rive nan 12yèm ane.
  - c. Malmouton: Li obligatwa pou pran yon dòz pou pre-matènèl. Li obligatwa pou pran de (2) dòz pou klas matènèl rive nan 12yèm ane.
  - d. Ribeyòl: Li obligatwa pou pran o mwen yon dòz pou tout klas yo (pre-matènèl rive nan 12yèm ane).
6. Vaksen Epatit B
  - a. Li obligatwa pou bay 1ye dòz la lè fèt oswa nenpòt ki lè aprè sa. Li obligatwa pou bay 2yèm dòz la o mwen 4 semèn (28 jou) aprè 1ye dòz la. 3yèm dòz la dwe omwen 8 semèn aprè 2yèm dòz la AK o mwen 16 semèn aprè 1ye dòz la AK pa pi bonè pase laj 24 semèn (lè bay 4 dòz, ranplase "dòz 4" pou "dòz 3" nan kalkil sa yo).
  - b. De dòz vaksen granmoun kont epatit B (Recombivax) ke te resevwa o mwen 4 mwa apa nan laj 11 jiska 15 ane ap satisfè egzijans lan.
7. Vaksen kont varisèl. (Laj minimòm: 12 mwa)
  - a. Premye dòz vaksen varisèl la dwe te resevwa pandan oswa aprè premye anivèsè a. Elèv la te dwe pran dezyèm dòz o mwen 28 jou (4 semèn) aprè premye dòz pou konsidere kòm valab.
  - b. Pou timoun ki poko gen 13 ane, entèval minimòm yo rekòmande ant dòz yo se 3 mwa (si yo te resevwa dezyèm dòz la o mwen 4 semèn aprè premye dòz la, li kapab aksepte kòm valab); pou moun ki gen 13 ane ak plis, entèval minimòm lan ant dòz yo se 4 semèn.
8. Vaksen konjige kont menengokòk ACWY (MenACWY). (Laj minimòm pou klas 7yèm ane: 10 ane; laj minimòm pou klas 8yèm rive 12yèm ane: 6 semèn)
  - a. Yon dòz vaksen konjige kont menengokòk (Menactra oswa Menveo) obligatwa pou elèv k'ap antre nan klas 7yèm, 8yèm, 9yèm, 10yèm ak 11yèm ane.
  - b. Pou elèv nan klas 12yèm ane, si li te resevwa premye dòz vaksen konjige kont menengokòk la nan laj 16 ane oswa plis, dezyèm dòz (rapèl) la pa obligatwa.
  - c. Dezyèm dòz la te dwe pran nan laj 16 ane oswa plis. Pi piti entèval ant dòz yo se 8 semèn.
9. Vaksen konjige kont Haemophilus influenzae tip b (Hib) (Laj minimòm: 6 semèn)
  - a. Timoun ki kòmanse seri a a tan ta dwe resevwa vaksen Hib a 2 mwa, 4 mwa, 6 mwa ak nan 12 jiska 15 mwa. Timoun yo ki gen plis pase 15 mwa dwe jwenn ratrapaj yo selon kalandriye ratrapaj ACIP a. Dènye dòz la dwe pran pandan oswa aprè 12 mwa.
  - b. Si yo te resevwa 2 dòz vaksen anvan laj 12 mwa, se sèlman 3 dòz ki nesèsè avèk dòz 3 a 12 jiska 15 mwa ak o mwen 8 semèn aprè dòz 2 a.
  - c. Si dòz 1 an te resevwa a laj 12 jiska 14 mwa, se sèlman 2 dòz ki nesèsè avèk dòz 2 a o mwen 8 semèn aprè dòz 1 an.
  - d. Si dòz 1 an te resevwa a 15 mwa oswa plis, se sèlman 1 dòz ki nesèsè.
  - e. Vaksen Hib pa obligatwa pou timoun ki gen 5 ane oswa plis.
10. Vaksen konjige kont nemokòk (PCV) (Laj minimòm: 6 semèn)
  - a. Timoun ki kòmanse seri a a tan ta dwe resevwa vaksen PCV a 2 mwa, 4 mwa, 6 mwa ak a 12 jiska 15 mwa. Timoun yo ki gen plis pase 15 mwa dwe jwenn ratrapaj yo selon kalandriye ratrapaj ACIP a. Dènye dòz la dwe pran pandan oswa aprè 12 mwa.
  - b. Timoun ki pa gen vaksinasyon ki gen laj 7 jiska 11 mwa oblije resevwa 2 dòz, o mwen 4 semèn apa, ki swiv pa yon twazyèm dòz a 12 jiska 15 mwa.
  - c. Timoun ki pa gen vaksinasyon ki gen laj 12 jiska 23 mwa oblije resevwa 2 dòz vaksen omwen 8 semèn apa.
  - d. Si te resevwa yon dòz vaksen a 24 mwa oswa plis, pa gen plis dòz ki nesèsè.
  - e. PCV pa obligatwa pou timoun ki gen 5 ane oswa plis.
  - f. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade nan tablo PCV ki disponib nan Livrè Enstriksyon sou Sondaj Lekòl la nan: [www.health.ny.gov/prevention/immunization/schools](http://www.health.ny.gov/prevention/immunization/schools)

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte:

**New York State Department of Health  
Bureau of Immunization  
Room 649, Corning Tower ESP  
Albany, NY 12237  
(518) 473-4437**

**New York City Department of Health and Mental Hygiene  
Program Support Unit, Bureau of Immunization,  
42-09 28th Street, 5th floor  
Long Island City, NY 11101  
(347) 396-2433**

New York State Department of Health/Bureau of Immunization  
(Depatman Sante Eta New York/Biwo Vaksinasyon)  
[health.ny.gov/immunization](http://health.ny.gov/immunization)